
Avètisman Danje pou Travayè Kontwa yo: Pousyè silis ki soti nan fabrikasyon kontwa ka fè ou mal!

Èske ou fabrike kontwa ak wòch atifisyèl?



Ou gendwa ap respire pousyè danjere.

- Wòch atifisyèl (yo rele tou wòch fabrike oswa kwats) se kalite wòch pou fabrikasyon kontwa ki pi danjere pou travay avèk li. Li gen anpil silis
- Koupe, moulen, ak poli kontwa sa yo mete pousyè silis nan lè a.

Sa ka lakòz yon maladi poumon mòtèl yo rele silikoz.

- Pousyè silis pa bon pou respire. Lè pousyè a antre nan poumon ou, li ka lakòz yon maladi yo rele silikoz. Silikoz fè li difisil pou respire. Sa vin pi mal ofiramezi tan ap pase epi kapab lakòz lanmò. Pa gen gerizon.
- Espas travay ou a dwe swiv etap pou pwoteje ou kont pousyè silis.

Kisa w kapab fè?



Konnen dwa ou pou w genyen yon espas travay san danje

- Ou gen dwa ak yon espas travay san danje nuizib yo okouran ki kapab nui sante w oswa sekirite w.
- Aprann kijan espas travay yo dwe pwoteje w sou Sekirite sou Pousyè Silis.
- Si espas travay ou a danjere ou kapab siyale li bay OSHA (osha.gov/workers).

Eskane kòd QR la pou aprann plis konsènan sekirite espas travay kont pousyè silis

bit.ly/silica-safety



Si w genyen pwoblèm pou w respire ale kay doktè.

- Si w genyen tous oswa difikilte pou w respire, ale wè doktè touswit. Sa yo kapab siy silikoz. Di yo ou te ekspoze ak pousyè silis nan travay ou. Pote Alèt Danje sa a avèk ou.

Toujou pale ak doktè ou konsènan travay ou.

- Toujou pale ak doktè ou konsènan travay ou – menm si w pa santi w malad. Nan fason sa a y ap konnen pou yo chache pwoblèm sante ki gen rapò ak travay ou.

Aprann plis sou silikoz ak sekirite espas travay:

- Enfòmasyon sou Silis (osha.gov/silica-crystalline)
- Alèt Sekirite sou Pousyè Silis nan Massachusetts (bit.ly/silica-alert-mass)

Occupational Health Surveillance Program, mdph.ohsp@mass.gov, (617) 624-5634
Massachusetts Department of Public Health, Fall 2025

Massachusetts Department of Public Health DPH

Gade Alèt sa a an Anglè, Panyòl, ak Pòtigè